

Kontwol Sante Apre Akouchman

Li enpotan pou kontinye we obstetrisyen w apre ou akouche

Fo w pwograme pou omwen de randevou apre akouchman w:
Kontwòl Sante 2 Semèn Apre Akouchman ak vizit swivi apre 6 semèn

POUKISA SE DE SEMÈN APRE AKOUCHMAN?

- Li fasil pou rate anpil siy oswa sentòm avètisman, se poutèt sa li enpòtan ou Pwograme Kontwòl Sante w 2-semèn Apre Akouchman
- Lè w fè Kontwòl Sante w 2 semèn Apre Akouchman an, lap pèmèt doktè w wè kijan ou ye epi rezoud nenpòt pwoblèm avan yo vin grav

SAK PRAL PASE PANDAN KONTWÒL SANTE M 2 SEMÈN APRE AKOUCHMAN AN?

Doktè a oswa yon asistan pral:

- Tcheke presyon w
- Tcheke pwen anba w
- Asire l senyen an nòmal apre akouchman an
- Pale avè w sou jan ou santi w ak leta despri w epi pou ba w sipò
- Verifye tete w pou nenpòt pwoblèm
- Pale avè w sou gwosès nan lavni
- Konekte w ak sèvis siplemantè oubyen swivi

KI LÈ POU M PWOGAME PWEMYE VISIT MWEN?

- Ou ta dwe fè pwemye Kontwòl Sante w de semèn Apre Akouchman. Pwograme visit la menm si ou pat gen pwoblèm akouche.
- Fè enfimyè w konnen si ou deja gen yon randevou.
- Asire w ou gen yon randevou anvan ou soti lopital. Si w soti pandan yon wikenn, rele klinik doktè w nan Lendi pou pran yon randevou.
- Konsèy: Pwograme telefòn ou pou l fè w sonje lè w gen randevou a.

Ekri enfòmasyon sila sou Ti Kat Apre Akouchman an:

Mwen akouche: _____

Non Obstetrisyen m: _____

Telefòn Obstetrisyen m: _____

Dat Kontwòl Sante 2 semèn Apre Akouchman: _____



Translation courtesy of Broward
Healthy Start Coalition